Ассаламу гІалайкум!

# ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 30 (9937) | 18 май | Рузман | 2018 сон

# КІУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ-73 СОН!















1945

## КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 73 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# РОХЕЛГИ МАГIУГИ ЖУБАРАБ БАЙРАМ

КIудияб ВатIанияб рагъда Советияб халкъалъги гьелъул бахIарчияб БагIараб Армиялъги КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 73 сон тIубаялда хурхун нилъер районалдаги тIоритIана рохалилал тадбирал.

Гьезда гIахьаллъи



М. ПатхIулаев



Ш. УмайхIажиев



Я. Оленин



А. Алхасов



А. ХIажиева

гьабуна районалъул бетIер М. ПатхIулаевас, гьесул заместителаз, тылалъул захIматчагIаз, районалъул у ч р е ж д е н и я з у л г у н организациязул нухмалъулез, учительзабазгун цIалдохъабаз, диниял хIаракатчагIаз, росабазул делегациябаз, гIолилазул организациязул вакилзабаз ва спортсменаз.

КигIанго нилъее бокьичIониги, гьезда гьоркьор рукIинчIо байрамалъул аслиял бахIарзал-рагъул ветеранал. Нилъер талихIаб букIинеселъе гIоло къеркьарал бахIарзазул гIицIго ункъояв вуго жакъа чIаго, амма гьезул цонигиясе сахлъиялъ рес кьечIо байрамалда гIахьаллъизе.

СагIат ичIгоялде бащдаб хIалтIараб мехалда киналго данделъана райадминистрациялъул минаялда цере.

Къоги бачIана роцIцIараб, бацIцIадаб.

Кодор тIугьдулгун, транспаранталгун, рагъул гIахьалчагIазул сураталгун берцинго ретIа-къан рачIарал чIахIиязулги гIисиназулги гьурмада рохелги, гьимиги, умумуздаса бугеб чIухIиги загьирлъулеб букIана. Амма гъваридго рекIелъ бахчун цоги асарги букIана-доб гIассияб рагъда ккарал чIахIиял камияздаса пашманлъи.

Абухъего, рохелги магIуги жубараб байрам.

Хасго кIудияб асар гьабуна киназего Зило росдал гьоркьохъеб школалъул делегациялъ. БетIералда школалъул директр Насиб Сагитовгун киналго учительзаби рачIун ругоан доб заманалъул рагъулаб формаги ретIун. ЦIакъ рекъон ва берцинго букIана гьезда гьеб.

КватIичIого тIолабго сверухълъи кодобе босана рагъулал кучIдузул гьаркьаз.… Рагъулаб часталъул рагъухъабаз салют кьун хадуб, ВатIан тушбабаздаса эркен гьабуразе бараб памятникалда цере тIугьдузул квацIаби лъуна. Цинги колоннаби къокъана райцентралъул аслияб майданалде.

1999 соналъул августалъулал лъугьа-бахъиназда хварал бахIарзазул обелискалда цере тIугьдулги лъун, Гьеб бачунев Болъихъ росдал бет1ер Камалудин Мух1амаевас т1оцебе к1алъазе раг1и кьуна районалъул бет1ер Мух1амад Патх1улаевасе.









## КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 73 СОН ТIУБАЯЛДЕ 2018

# РОХЕЛГИ МАГIУГИ ЖУБАРАБ БАЙРАМ












-Хириял рагъул ветеранал, хIурматиял районцоял, тIаде рачIарал гьалбал! РакI-ракIалъ баркизе бокьун буго фашистияб Германиялда тIад Советияб халкъалъ гьайбатаб Бергьенлъи босаралдаса 73 сон тIубай,- илан абуна М. ПатхIулаевас.- Бергьенлъи нилъее щвана кIудияб багьаги кьун-миллионал гIадамаз къанщана гIагараб ракьалъе ва бокьулеб ВатIаналъе гIоло кьалул майданалда берал.

Нилъ чIухIула умумузул бахIарчилъиялдаса ва кидаго къулула гьезие бутIрул.

Бергьенлъи гIагар гьабиялъе кIвахI гьечIого, сордо-къо батIа гьабичIого тылалда хIалтIаралги кIочене бегьуларо нилъеда. .

Рагъалъ каву рагьичIеб, гьелъ ругъун лъечIеб цониги керт букIинчIо нилъер районалдаги –киназдаго хъатIана гьелъул бухIиги ссудиги.

Соналдаса соналде дагьлъулел, мигьлъулел руго нилъер улкаялда доб гIассияб рагъул гIахьалчагIазул кьерал.

Гьел рухIгIан нилъее хиралъизе, нилъеца щибаб къойил бетIер къулизе ва къимат гьабизе кколел чагIазул нахъе хут1ун вуго г1иц1гоункъояв.

Жакъа байрамалдаги нилъеда гьоркьор гьечIо гьел, амма ракI нилъгун буго гьезул.

Хадур кIалъазе рахъарал районалъул рагъулав комиссар А. Умайх1ажиевас, рагъулаб часталъул команир Ян Оленница, Динияб Идараялъул рахъалдаса мугIрузул территориалияб округалъул куратор Алимхан Алхасовас, Болъихъ №2 гьоркьохъеб школалъул 11-абилеб классалъул цIалдохъан Аминат Х1ажиевалъ баркана киназдаго КIудияб Бергьенлъи, гьарана рагъул ветераназе сахлъигун рохел.

Хадуб букIана культураялъул хIалтIухъабазул кутакалда лъикIаб ва гIатIидаб программаялъул церерахъин.

Рагъул ветераназе кьуна батIи-батIиял шапакъатал ва гIарцулал премиял. Бергьенлъиялъул къо районалда, кидаго гIадин, гIуцIараб къагIидаялда ана ва щивасе гьелъ гьабуна кIочонареб асар.

**Г1умахан Г1андийский**

# БАХIАРЧИЯСУЛ ЦIАР КЪЕЗЕ ВИХЬИЗАВУН ВУКIАНА

КIудияб ВатIанияб рагъда Советияб халкъалъ фашистазулаб Германиялда тIад бергъенлъи босаралдаса 73 сон тIубана.

Бокьун буго нилъедаса ратIалъарал КIудияб ВатIанияб рагъул ветеранал ракIалде щвезаризе.

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, рагъулъ гьарурал бахIарчиял ишазухъ щварал гIемерал шапакъатазул бетIергьан, Насрудинов АбдулвахIид гьавуна ТIасутIа росулъ 1912 соналда мискинчиясул хъизаналда. АбдулвахIидил ресги санагIалъиги букIинчIо лъай босизе. ТIасутIа школалда 4 классги лъугIизабун гьев хьвадизе кколаан аскIоб бугеб росулъе. Кванaзе щвечIого, черхалда рекъараб ретIине щвечIого, хIатIида гIицIго боцIуда хадувги хьвадун унел рукIана гьесул гIумрудул сонал, магIардасан чвахун унеб лъарал лъим гIадин хехго. Гьедин захIматго гIумру индал щун батила ТIасутIаса васасе кьвариги, къвакIиги, цIодорлъиги. Росдал гIадамаз жакъаги бицуна АбдулвахIидил хIакъалъулъ.

Районалдаса цогидал гIолохъабазда цадахъ багIараб Армиялде Насрудинов АбдулвахIид ахIана 1940 соналъул януаралда. Рагъулаб хъулухъ гьабулеб букIана Краснодар шагьаралда. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб заманалда АбдулвахIид вукIана Одесса областалда 77 абилеб кьвагьдохъабазул полкалъул рагъухъанлъун. БитIун рагъул кор боркьараб бакIалде ккедал, тушманасул гуллица квешго лъукъана. Сахлъун хадув АбдулвахIидие рес щвана улкаялъул тахшагьар бахъулеб рагъда гIахьаллъизе. ГIемераб би гIодобе тIураб рагъулъ кIиабизеги лъукъана гьев. Сах гьавизе АбдулвахIид витIана госпиталалде. Сахлъун хадув гIахьаллъана Харьковалда гIагарлъухъ букIараб гIассияб рагъулъ.

Гьесул рагъулал шапакъатазда гьоркьоб буго «Сталинград цIуниялъе гIоло» медальги. Гьелдаса хадубги халат бахъана ТIасутIаса багьадурасул рагъулаб нух. Немцаздаса Харьков, Полтава, Курск, Воронеж шагьарал эркен гьариялъе гIоло рагъазулъги Насрудиновасул бахIарчияб гIахьаллъи букIана. ГIорхъи бахун цебехун БагIараб Армия борчIидал, ирга щвана Европаялъул пачалихъал эркен гьаризе.

Цогиги, бицун лъана дида, АбдулвахIидица рагъулаб училище лъугIизабиги, гьев кIудияв лейтенантлъун вахъиги ва ротаялъул командирлъун вукIинги.

Польша, Болгария ва Германия эркен гьариялъулъ АбдулвахIидица лъураб бутIаялъул бицуна Варшава, София эркен гьабиялъе гIоло, Берлин босиялъе гIоло щварал, Багьадурлъиялъе гIоло, Рагъулал гьунаразе гIоло ва 1941-1945 соназул КIудияб ВатIанияб рагъулъ Германиялда тIад бергъенлъи босиялъе гIоло щварал медалаз.

АбдулвахIид Насрудинов гIагараб росулъе тIад вуссана 1946 соналда.

АбдулвахIидил букIана, гIемерго чIухIараб гьечIониги, жиндир гьитIинаб хъизан жаниб хIебтIараб мина. АбдулвахIидица лъаларила щиб гIиллаялъе гIоло гьеб кьечIого тарабалиян




ва гьесул чIужу Чакарица гIезаруна цо васги кIиго ясги.

АбдулвахIид Насрудинов хвана 1979 соналда.

Гьаниб ахиралда бицине ккола, бищунго кIвар бугелъул. АбдулвахIидица гIемер бицунаан жив Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар къезе вихьизавун вукIанин, амма жинда лъаларила щиб гIиллаялъе гIоло гьеб кьечIого тарабалиян

Аллагьас мунагьал чураги жиндир. Амин!

**МухIамад МухIамадбегов,**
**ТIасутIа школалъул учитель.**

*Боржунеб самолет жеги бихьичIел,*
*ГIарададул гьаракь гIинда рагIинчIел,.*
*Рахъана къватIире ТIасдерил васал,*
*ВатIаналъе гIоло рухI кьун рагъизе.*

*РикIкIада хутIана гьитIинаб росу,*
*РакIалда рукIарал тIолго анищал.*
*ТIолабго гIагарлъи, лъималгун хъизан,*
*Хъулухъ дуй гьабурай гIолилай гьудул.*

*Кавказалъул васал, мугIрул гъалбацIал,*
*Гъазават бацIцIадал, ТIасдерил васал.*
*Нужер ращадазе шагьидлъи щвана,*
*ШапагIат нижейги щваги я Аллагь.*

*Къоло ункъоясул анцIила кIиго*
*Рагъул майданалда шагьид хутIана.*
*Кьал ахIун вачIарав, гIассияв тушман*
*ГIагараб улка тун нахъе къотIана.*

*Гитлерий бигьаго бокьун букIана*
*ТIолго дунялалда кверщел гьабизе.*
*Киналго лагъзаллъун асирги гьарун,*
*Гьаругьин тахида ханлъи гьабизе.*

*Амма Ват1аналъе рит1ухъал васаз,*
*Ясберлъун ц1унана ц1ар бугеб улка,*
*Ц1уял фашистазда михирги бачун,*
*Рейхстагалда ч1вана ч1ух1араб Байрахъ!*

*БетIерав редактор Г1. ГIумаханов*